

Non Politik la:	Èd Finansye pou Swen Sante (Healthcare Financial Assistance, HFA)
Nimewo Kontra Asirans:	Politik ak Pwosedi 502
Depatman:	Finans
Domèn Fonksyonèl:	Finans
Apwouye pa:	Konsèy Administrasyon Bon Secours Mercy Health, Inc.
Dat Antre anvigè:	3/1/2024
Vèsyon:	5.0
Eta Politik la:	Apwouye

### I. Politik

Jan li etabli nan Seksyon 501(r) nan Kòd IRS lan Politik HFA sa a aplike pou tout swen ijans ak lòt swen ki nesesè pou rezon medikal ke Etablisman Swen Sante BSMH yo founi.

### II. Objektif

Kont teni de misyon li pou amelyore sante kominate li yo, avèk yon ensistans espesyal sou pòv yo ak moun ki mal desèvi yo, ak nan lespri ministè gerizon Jezi a, BSMH pran angajman pou li bay èd finansye ki reponn ak bezwen kominate a, kèlkeswa ras, laj, sèks, orijin etnik, orijin nasional, sitwayènte, lang prensipal, reliyon, edikasyon, travay oswa sitiayasyon elèv, dispozisyon, relasyon, kouvèti asirans, pozisyon sosyal, oswa nenpòt lòt faktè diferansiyasyon ki fè diskriminasyon.

HFA se yon pwogram ki finanse konplètman pa Bon Secours Mercy Health. Li kouvrir pasyan ki pa gen asirans sante ak moun ki gen yon kouvèti asirans a pati sèlman (sa vle di moun ki pa asire ak moun ki manke asire) ki reponn kritè revni ak lòt kritè kalifikasyon ki dekri nan dokiman sa.

### III. Pòte

Politik HFA sa a aplike pou Etablisman Sante BSMH annapre la yo Ozetazini Damerik ("USA") epi yo pa mete ladann okenn lopital ki sitiye andeyò Etazini:

#### Cincinnati

- Mercy Health – Anderson Hospital
- Mercy Health – Clermont Hospital
- Mercy Health – Fairfield Hospital
- The Jewish Hospital – Mercy Health
- Mercy Health – West Hospital
- Mercy Health – Kings Mills Hospital

#### Kentucky

- Mercy Health - Lourdes Hospital
- Mercy Health - Marcum and Wallace Hospital

#### Lima

- Mercy Health - St. Rita's Medical Center

Non Politik la:	HFA	Dat Dènye Revizyon:	1/22/2024	Paj:	1
Vèsyon:	5.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/22/2024	Dat Orijinal:	12/12/2019

## Lorain

- Mercy Health – Lorain Hospital
- Mercy Health - Allen Hospital

## Springfield

- Mercy Health - Springfield Regional Medical Center
- Mercy Health – Urbana Hospital

## Toledo

- Mercy Health - St. Vincent Medical Center
- Mercy Health – Perrysburg Hospital
- Mercy Health - St. Charles Hospital
- Mercy Health - St. Anne Hospital
- Mercy Health - Defiance Hospital
- Mercy Health - Tiffin Hospital
- Mercy Health - Willard Hospital

## Youngstown

- Mercy Health - St. Elizabeth Youngstown Hospital
- Mercy Health - St. Elizabeth Boardman Hospital
- Mercy Health - St. Joseph Warren Hospital

## Richmond

- Bon Secours - St. Francis Medical Center
- Bon Secours – Richmond Community Hospital
- Bon Secours - Memorial Regional Medical Center
- Bon Secours - St. Mary's Hospital

## Rappahannock

- Rappahannock General Hospital

## Hampton Roads

- Bon Secours Mary Immaculate Hospital
- Bon Secours Maryview Medical Center
- Bon Secours Health Center at Harbour View

## South Carolina

- St. Francis Downtown
- St. Francis Eastside
- St. Francis Millennium

Non Politik la:	HFA	Dat Dènye Revizyon:	1/22/2024	Paj:	2
Vèsyon:	5.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/22/2024	Dat Orijinal:	12/12/2019

## Southern Virginia

- Bon Secours - Southern Virginia Medical Center
- Bon Secours - Southside Medical Center
- Bon Secours - Southampton Medical Center

BSMH mentni yon Politik Èd Finansye pou Swen Sante BSMH Medical Group epi Politik pou Faktirasyon ak Koleksyon apa pou sèvis yo bay nan anplasman klinik BSMH Medical Group yo. BSMH mentni tou yon Politik Èd Finansye pou Swen Sante BSMH Urgent Care epi Politik pou Faktirasyon ak Koleksyon apa pou sèvis yo bay nan etablisman BSMH Urgent Care yo.

## IV. Detay Politik la (Pwen Sipò)

### Angajman pou Bay Swen Medikal lijans:

BSMH founi swen pou pwoblèm medikal dijans pou moun yo san diskriminasyon, kèlkeswa si yo kalifye pou èd dapre Politik HFA an. Etablisman Swen Sante BSMH pa pral antreprann aksyon ki dekouraje moun chèche swen medikal pou ijans, tankou pa egzanp mande pou pasyan depatman dijans yo peye anvan yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal dijans oswa pèmèt aktivite koleksyon dèt ki jennen founi swen medikal pou ijans san diskriminasyon. Yo bay sèvis medikal dijans, ki gen ladan transfè dijans, dapre EMTALA, pou tout pasyan BSMH yo nan yon fason ki pa fè diskriminasyon, dapre politik EMTALA chak lopital apa.

### Sèvis ki Kalifye pou HFA:

Politik HFA sa a aplike pou tout swen ijans ak lòt swen ki nesesè pou rezon medikal ke Etablisman Swen Sante BSMH yo founi. Yo kenbe lis founisè yo nan yon dokiman apa. Manm publik la ka jwenn li gratis fasilman an pasan pa lis kontak yo bay nan politik sa a ak sou entènèt nan [www.bsmhealth.org/financial-assistance](http://www.bsmhealth.org/financial-assistance), [www.mercy.com/financial-assistance](http://www.mercy.com/financial-assistance), ak [www.fa.bonsecours.com](http://www.fa.bonsecours.com).

### **Sèvis annapre la yo pa kouvri anba Politik HFA sa a:**

- Atik yo jije ki "pa gen nesesite medikal"

### Kritè Kalifikasyon pou HFA:

- Revni
  - Pou aplike pou HFA, yon pasyan oswa yon manm fanmi dwe ranpli yon aplikasyon ki gen ladan revni brit pou omwen 3 mwa (jiska 12 mwa) anvan dat aplikasyon an oswa dat sèvis la. Prèv revni obligatwa alesepsyon pasyan ki kalifye pou kalifikasyon prezime eksplike ak detay anba a. Gade nan seksyon Pwosesis Aplikasyon pou HFA ki anba a pou jwenn plis detay.

Non Politik la:	HFA	Dat Dènye Revizyon:	1/22/2024	Paj:	3
Vèsyon:	5.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/22/2024	Dat Orijinal:	12/12/2019

- Prèv revni pa obligatwa si yon pasyan oswa yon manm fanmi sètifye yon nivo revni ki kalifye kandida a pou swen rabè dapre Pwogram Asirans Swen Sante Ohio a (HealthCare Assurance Program, HCAP).
- Yo ka itilize nòt sou revni tyès pati pou verifye revni an nan sitiyasyon kote yo pa ka jwenn verifikasyon revni yo an pasan pa lòt metòd yo.
- Byen yo
  - Gen sitiyasyon kote moun yo gendwa pa rapòte revni men yo gen gwo byen ki disponib pou peye pou sèvis swen sante yo. Nan sitiyasyon sa yo, BSMH ka evalye epi mande prèv dokimante nenpòt pou byen ki kategorize kòm byen ki ka konvèti an lajan kach epi ki pa nesesè pou depans esansyèl pasyan an pou li viv chak jou.
- Gid Federal sou Povrete
  - Kalifikasyon pou HFA baze sou nivo revni elaji ki rive jiska 400% FPG epi li kalkile yon fason pwopòsyonèl dapre yon echèl frè varyab ki aplikab pou zòn mache a. Apwobasyon an baze sou kantite moun nan fanmi an, sa gen ladan timoun natirèl oswa adoptif ki gen mwens ke 18 lane, epi revni fanmi an.
  - Si yon depandan andikape epi li gen plis pase dizwit lane, yo gendwa mete li nan gwosè fanmi an pou aplikasyon HFA an.
  - FPG yo ki anvigè nan dat sèvis la anvigè pou pwosesis aplikasyon an. *Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Health and Human Services, HHS)* pibliye yo chak ane nan **Rejis Federal** la.
  - FPG aktyèl ak istorik yo disponib nan <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>.
  - Moun ki gen yon nivo revni ki nan 200% FPG oswa pi ba resevwa swen gratis. Moun ki gen yon nivo revni soti nan 201% jiska 300% FPG, epi 301% jiska 400% FPG, nan menm lòd la, yo resevwa swen ak rabè baze sou tablo ki nan Atachman 2 an. Yo pral fè Mizajou nan pousantaj byen presi yo pou rabè yo pou nivo revni 201%-300% FPG, ak 301% a 400% FPG yo chak ane. Malgre pousantaj yo kalkile yo, jan sa endike anwo a, apre yon desizyon sou kalifikasyon dapre politik sa a, yon pasyan ki kalifye pou èd finansye p ap peye plis pase AGB an pou swen dijans oswa lòt swen ki gen nesesite medikal.
- Rabè pou Moun ki Peye limenm
  - Pou pasyan ki pa asire sa yo ki pa kalifye pou okenn rabè èd finansye ki dekri nan politik sa a, BSMH ofri yon rabè otomatik (peye yomenm) sou bòdwo lopital yo a jan li endike anwo a. Rabè sa a pou moun ki peye limenm pa teste dapre mwayen pou peye, e pakonsekan li pa depanne egzijans AGB seksyon 501(r) a, epi BSMH pa rapòte li kòm èd finansye sou Fòm 990, Anèks H.
- Zòn Jewografik

Non Politik la:	HFA	Dat Dènye Revizyon:	1/22/2024	Paj:	4
Vèsyon:	5.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/22/2024	Dat Orijinal:	12/12/2019

- Y ap ofri HFA pou pasyan ki abite nan kominote Etablisman Swen sante BSMH yo. Pou pasyan sa yo k ap viv deyò kominote a, sikontans ki jistifye konsiderasyon yo dwe dokimante ak apwouve pa Manadjè PFS lan epi yo dwe gen nesesite medikal oswa yo gen yon aspè dijans.
- Dediktib yo
  - Pou pasyan ki gen balans yo peye yomenm apre asirans, balans ki atribye ak dediktib pasyan yo pral mande yon peman ki baze sou yon echèl frè varyab dapre revni aktyèl kay pasyan yo ki endike nan tablo echèl frè varyab la nan seksyon Gid Federal sou Povrete ki nan politik sa a.
  - Lè yo resevwa aplikasyon ki siyen an, yo pral egzamine enfòmasyon yo, yo pral verifye revni an, epi y ap pran yon desizyon sou kalifikasyon. Y ap fè pasyan an konnen desizyon an alekri.
- Kalifikasyon Prezime
  - Yo sipoze pasyan yo kalifye pou èd finansye dapre sikontans lavi pasyan an pèsonèlman, ki gen ladan men se pa sa sèlman:
    - Revni Pasyan an pi ba pase 200% Gid Federal sou Povrete yo epi li konsidere kòm moun ki peye limenm;
    - Pasyan an egzeyate nan yon SNF;
    - Pasyan an mouri san li pa kite byen koni epi li pi ba ke 200% Gid Federal sou Povrete;
    - Pwogram preskripsyon Eta a finanse;
    - Sanzabri oswa te resevwa swen nan yon klinik pou sanzabri;
    - Patisipasyon nan Pwogram pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (Women, Infants, and Children, WIC);
    - Kalifikasyon pou koupon manje;
    - Kalifikasyon pou pwogram manje midi lekòl sibvansyone;
    - Kalifikasyon pou lòt pwogram èd onivo Eta oswa lokal ki pa gen finansman (pa egzanp, revni depase nivo [spend-down] Medicaid);
    - Pasyan ke yo refere an pasan pa yon Asosyasyon Nasyonal Klinik Gratis;
    - Pasyan ki kalifye pou Medicaid, lè kritè annapre la yo aplike:
      - Kondisyon kalifikasyon Medicaid yo ranpli apre yo fin bay sèvis la;
      - Frè ki pa kouvri yo rive nan yon rankont ki kalifye pou Medicaid; epi
      - Founisè a pa evalye pou kalifikasyon oswa li sou kontra.

Non Politik la:	HFA	Dat Dènye Revizyon: Dat Dènye Modifikasyon:	1/22/2024	Paj:	5
Vèsyon:	5.0		1/22/2024	Dat Orijinal:	12/12/2019

- Li founi lojman pou revni fèb/sibvansyone kòm yon adrès ki valab; oswa
  - Lòt gwo baryè preznan.
- Y ap bay 100% èd finansye a Pasyan yo jwenn ki gen rezon ki anfavè kalifikasyon pou èd finansye.
- Pasyan yo jwenn ki gen kalifikasyon prezime pou èd finansye p ap oblige ranpli kritè revni yo, kritè kalifikasyon byen yo, oswa ranpli yon aplikasyon pou èd finansye.
- BSMH dwe itilize resous ki disponib yo (pa egzant solisyon teknoloji, òganizasyon sèvis, elatriye) pou jwenn enfòmasyon tankou nòt kredi pou ede detèmine si yon pasyan gen kalifikasyon prezime pou èd finansye.
- Koperasyon
  - Pasyan yo/Garan yo dwe kolabore pou bay tout enfòmasyon ki soti lòt kote, sa gen ladan enfòmasyon Veyikil Amotè oswa lòt enfòmasyon aksidan, demann pou Kowòdinasyon Avantaj, enfòmasyon ki egziste deja, oswa lòt enfòmasyon ki nesesè pou deside sou reklamasyon yo, elatriye.
  - Pandan y ap travay sou aplikasyon an, BSMH pral mande pou pasyan ki gendwa kalifye pou Medicaid yo aplike pou Medicaid. Pou resevwa HFA, pasyan an dwe aplike pou Medicaid epi li jwenn refi pou yon rezon kèlkonk apade sa ki annapre la yo:
    - Pa te aplike;
    - Pa te swiv pwosesis aplikasyon an;
    - Pa te bay verifikasiyon ke yo mande.
- Presizon Aplikasyon an
  - Yo ka refize èd finansye dapre Politik HFA an si gen soupson rezonab ki fè kwè aplikasyon an pa egzak. Si pasyan/garan an bay dokiman ki nesesè yo ak/oswa enfòmasyon yo mande pou fè eklèsisman sou aplikasyon an, yo ka rekonsidere demann pou èd finansye a. Y ap egzamine epi jere rekonsiderasyon dapre desizyon sou chak ka apa.

Pwosesis Aplikasyon pou HFA:

- Fòm aplikasyon yo disponib nan Pre-Admisyon, Admisyon / Anrejistreman, ak plizyè lòt sit enskripsyon pou facilite idantifikasiyon bonè ak lansman pwosesis aplikasyon an. Epitou, pou jwenn fòm aplikasyon ou gendwa kontakte BSMH jan sa endike nan lis kontak ki nan fen politik sa a.
- Pou pasyan ki nan Maryland, Iwa Eta a mande pou yo ranpli yon aplikasyon diferan pou èd finansye. Ou gendwa jwenn aplikasyon an nan [www.bsmhealth.org/financial-assistance](http://www.bsmhealth.org/financial-assistance), [www.fa.bonsecours.com](http://www.fa.bonsecours.com) oswa ou gendwa kontakte BSMH jan sa endike nan lis kontak ki nan fen politik sa a.

Non Politik la:	HFA	Dat Dènye Revizyon:	1/22/2024	Paj:	6
Vèsyon:	5.0	Dat Dènye Modifikasiyon:	1/22/2024	Dat Orijinal:	12/12/2019

- BSMH ka aksepte klarifikasyon nan bouch sou revni, gwo sè fanmi oswa nenpòt enfòmasyon ki ka pa klè sou yon aplikasyon.
- Aplikasyon ki apwouve yo pral respekte pou yon peryòd 240 jou apati dat inisyal sèvis la epi yo pa aplike yon fason pou fè bak tounen nan dat sèvis anvan yo kote peryòd aplikasyon an te ekspire.
- Pou pasyan nan Ohio yo, Pwogram Asirans Swen Lopital Ohio (Ohio Hospital Care Assurance Program, HCAP) egzize yon aplikasyon ranpli pou:
  - Admisyon pasyan entène sòf si yo readmèt pasyan an nan lespas 45 jou apre egzeyat la pou menm pwoblèm medikal alabaz la.
  - Aplikasyon pou pasyan ekstèn ki apwouve yo antre anvigè pou 90 jou apati dat inisyal sèvis yo.
  - Yo ka itilize yon aplikasyon pou pasyan entène tou pou kouvri sèvis pasyan ekstèn pou pasyan an nan peryòd 90 jou ki touswit apre premye jou admisyon pasyan entène a.
  - Peryòd aplikasyon pou dat sèvis kalifye HCAP yo se 3 zan apati dat premye avi swivi yo voye bay yon pasyan, kèlkeswa eta dèt ki pa kapab rekipere a. Yo pral refize aplikasyon kalifye pou HCAP ki pi ansyen pase peryòd aplikasyon 3 zan an epi y ap voye yon avi alekri.

Èd Finansye pou Sitiyasyon Katastwofik:

- Èd finansye pou yon sitiyasyon katastwofik disponib dapre politik sa a.
- Definisyon èd finansye katastwofik se yon pasyan ki gen bòdwo medikal oswa bòdwo lopital apre peman tout tyès pati ki depase 25% revni total pasyan an rapòte epi pasyan an pa kapab peye bòdwo ki rete a.
- Pou kòmanse pwosesis èd finansye a, yo dwe soumèt yon aplikasyon pou èd finansye. Gade nan seksyon Pwosesis Aplikasyon pou HFA ki anwa a.

Baz pou Kalkile Montan yo Chaje Pasyan yo:

- Apre yon desizyon sou kalifikasyon dapre politik sa a, yon pasyan ki kalifye pou èd finansye p ap peye plis pase AGB an pou swen dijans oswa lòt swen ki gen nesesite medikal. Omwen chak ane, BSMH, jan sa aplikab, kalkile yon pouvantaj AGB pou chak nan Etablisman Swen Sante BSMH yo ki swiv Metòd Retwospekson an (Look-back) ki baze sou reklamasyon yo otorize nan Medicare frè-pou-sèvis ak nan tout konpayi asirans sante prive ki peye reklamasyon ba etablisman lopital la pandan yon peryòd 12 mwa (jan sa defini nan Règleman Trezò nan seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn 1986, nan vèsyon amande li a). Pou yo jwenn pouvantaj AGB aktyèl la pou nenpòt Etablisman Swen Sante BSMH alekri epi gratis (ak yon deskripsyon kalkil la) manm piblik la ka kontakte BSMH jan sa endike nan lis kontak ki nan fen politik sa a oswa sou entènèt nan [www.bsmhealth.org/financial-assistance](http://www.bsmhealth.org/financial-assistance), [www.mercy.com/financial-assistance](http://www.mercy.com/financial-assistance), ak [www.fa.bonsecours.com](http://www.fa.bonsecours.com).

Non Politik la:	HFA	Dat Dènye Revizyon:	1/22/2024	Paj:	7
Vèsyon:	5.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/22/2024	Dat Orijinal:	12/12/2019

- BSMH pa dwe faktire oswa atann peman frè brit nan men moun ki kalifye pou èd finansye dapre politik sa a.
- Omwen chak ane, BSMH pral revize ak ajiste rabè echèl frè varyab ki aplikab pou pasyan ki gen balans yo peye yomenm apre asirans (Gade nan seksyon Dediktib ki anwo a).
- Paske ni lwa Maryland ni lwa taks Federal limite montan yo ka fè pasyan yo peye, yon moun ki kalifye pou FAP oswa yon moun ki pa asire p ap peye plis pase montan ki pi piti a ant AGB a ak frè reglemante ki fikse pa Komisyen Evalyasyon Pri Sèvis Sante nan Maryland (Health Services Cost Review Commission) pou swen dijans oswa lòt swen ki gen nesesite medikal.

Aksyon ki Pran Sizoka Peman pa Fèt:

- Mezi BSMH gendwa pran sizoka li pa resevwa lajan yo dwe li dekri nan yon politik **Faktirasyon ak Koleksyon** apa. Pou jwenn yon kopi politik separe sa a gratis nan men BSMH PFS, manm publik la ka kontakte BSMH oswa BSMHGMG jan li endike nan lis kontak ki nan fen politik sa a oswa sou entènèt nan [www.bsmhealth.org/financial-assistance](http://www.bsmhealth.org/financial-assistance), [www.mercy.com/financial-assistance](http://www.mercy.com/financial-assistance), ak [www.fa.bonsecours.com](http://www.fa.bonsecours.com).

Mezi pou Fè konnen Politik HFA an Lajman:

- BSMH rann Politik HFA sa a, fòm aplikasyon an, ak rezime nan langaj klè politik la disponib lajman sou sitwèb li a epi li mete an plas lòt mezi anplis pou fè publikasyon politik la lajman nan kominote li sèvi yo.
- Etablisman Swen Sante BSMH yo ofri yon kopi sou papye rezime nan langaj klè Politik HFA sa a pou pasyan yo nan kad pwosesis admision an; yo mete yon avi alekri ki byen akè sou relve bòdwo yo ki notifye ak enfòme moun k ap resevwa yo a sou disponiblite èd finansye dapre Politik HFA sa a; epi yo òganize afichaj publik byen vizib ki notifye ak enfòme pasyan yo sou Politik HFA sa a nan andwa publik yo nan etablisman lopital la, sa gen ladan, omwen, sèvis dijans lan (si genyen) ak zòn admision yo.
- Pou fè aranjman to pou tout gwo popilasyon yo ki gen konpetans limite nan Anglè, BSMH tradui Politik HFA sa a, fòm aplikasyon an, ak rezime nan langaj klè politik nan lang prensipal(yo) popilasyon sa yo pale.

**Avi pou Moun k ap viv Ohio yo — Pwogram Asirans Swen Lopital Ohio (Ohio Hospital Care Assurance Program, HCAP):** BSMH bay, san frè pou moun lan, sèvis debaz nan nivo lopital ki nesesè pou rezon medikal pou moun ki abite nan Ohio, ki pa moun ki resevwa Medicaid, epi ki gen revni ki nan nivo povrete federal la oswa ki pi ba. Sèvis ki kouvri yo se sèvis pou pasyan entène ak pou pasyan ekstèn ki kouvri nan Pwogram Medicaid Ohio, alesepsyon sèvis transplantasyon ak sèvis ki asosye ak transplantasyon. Moun k ap resevwa Èd Finansye pou Andikap yo kalifye pou èd. Rezidans nan Ohio etabli pa yon moun k ap viv nan Ohio volontèman epi ki p ap resevwa èd publik nan yon lòt Eta. Demann pou èd finansye pou rezidan Ohio yo trete pou HCAP an premye, epi apre sa yo depann otreman de dispozisyon Politik HFA sa a.

Non Politik la:	HFA	Dat Dènye Revizyon:	1/22/2024	Paj:	8
Vèsyon:	5.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/22/2024	Dat Orijinal:	12/12/2019

## V. Definisyon yo

- **AGB** – Montan yo faktire anjeneral pou swen dijans oswa lòt swen ki gen nesesite medikal ke yo bay moun ki gen kouvèti asirans.
- **BSMH** – Bon Secours Mercy Health
- **Etablisman Swen sante BSMH yo** – Lopital Bon Secours Mercy Health yo
- **EMTALA** – Lwa Federal sou Tretman Medikal Dijans ak Tranche Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act).
- **FPG** – Gid Federal sou Povrete Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini.
- **HCAP** – Pwogram Asirans Swen Lopital Ohio (Ohio Hospital Care Assurance Program).
- **HFA** - Èd Finansye pou Swen Sante.
- **Politik HFA** – Politik Èd Finansye BSMH pou Swen Sante.
- **PFS** – Depatman Sèvis Finansye Pasyan.
- **SNF** – Etablisman Swen Enfimye Kalifye .

## VI. Atachman

Atachman 1 - Seksyon Enfòmasyon Kontak BSMH

Atachman 2 – Tablo Rabè frè Lopital BSMH ki baze sou mwayen pou peye

## VII. Règleman Asosye yo

BSMH ofri lòt opsyon pou pasyan ki pa asire oswa ki manke asire ki pa kalifye pou èd finansye dapre Politik HFA a. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri gade nan politik BSMH ki annapre la yo:

- Politik BSMH pou Faktirasyon ak Koleksyon
- Politik rabè BSMH pou Moun ki Pa asire/ki Peye limenm

BSMH kenbe yon Politik Èd Finansye pou Swen Sante epi Politik pou Faktirasyon ak Koleksyon apa pou anplasman kabinè BSMH Medical Group yo ak etablisman Swen Ijan. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri gade nan politik ki annapre la yo:

- Politik Èd Finansye pou Swen Sante BSMH Medical Group
- Politik pou Faktirasyon ak Koleksyon BSMH Medical Group

Non Politik la:	HFA	Dat Dènye Revizyon:	1/22/2024	Paj:	9
Vèsyon:	5.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/22/2024	Dat Orijinal:	12/12/2019

- Politik Èd Finansye pou Swen Sante BSMH Urgent Care
- Politik pou Faktirasyon ak Koleksyon BSMH Urgent Care

#### VIII. Kontwòl Vèsyon

Vèsyon	Dat	Deskripsyon	Prepare Pa
1.0	11/25/2019	Èd Finansye pou Swen Sante (Healthcare Financial Assistance, HFA)	Finans/Travis Crum
2.0	2/18/2021	Èd Finansye pou Swen Sante (Healthcare Financial Assistance, HFA)	Finans/Travis Crum
3.0	2/17/2022	Èd Finansye pou Swen Sante (Healthcare Financial Assistance, HFA)	Finans/Travis Crum
4.0	1/24/2023	Èd Finansye pou Swen Sante (Healthcare Financial Assistance, HFA)	Finans/Travis Crum
5.0	1/22/2024	Èd Finansye pou Swen Sante (Healthcare Financial Assistance, HFA)	Finans/Travis Crum

Non Politik la:

HFA

Dat Dènye

1/22/2024

Paj:

10

Vèsyon:

5.0

Revizyon:

1/22/2024

Dat Dènye

Dat Orijinal:

12/12/2019

Modifikasyon:

Attachman 1

**ENFÒMASYON POU KONTAK:**Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte BSMH nan fason konsa pou **Hôpital Mercy Health** yo:

Sitwèb	<a href="http://www.bsmhealth.org/financial-assistance">www.bsmhealth.org/financial-assistance</a> <a href="http://www.mercy.com/financial-assistance">www.mercy.com/financial-assistance</a>		
Telefòn	1-800-985-3059].		
Atravè Kourye	Depatman Benefis Piblik Mercy Health PO Box 631774 Cincinnati, OH 45263-1360		
An Pèsòn	<b>Mercy Health - Anderson Hospital</b> 7500 State Road Cincinnati, OH 45255 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health – Clermont Hospital</b> 3000 Hospital Drive Batavia, Ohio 45103 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health – Fairfield Hospital</b> 3000 Mack Road Fairfield, Ohio 45014 Depatman: Konsèy Finansye <b>The Jewish Hospital – Mercy Health</b> 4777 E. Galbraith Road Cincinnati, Ohio 45236 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health – West Hospital</b> 3300 Mercy Health Blvd., Cincinnati, Ohio 45211 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health – Kings Mills Hospital</b> 5440 Kings Island Drive Mason, Ohio 45040 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - Springfield Regional Medical Ctr</b> 100 Medical Center Drive (nan Lwès North St) Springfield, Ohio, 45504 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health – Urbana Hospital</b> 904 Scioto St, Urbana, OH 43078 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - St. Rita's Medical Center</b> 730 W. Market St. Lima, OH 45801 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - Lourdes Hospital</b> 1530 Lone Oak Rd Paducah, KY 42003 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - Marcum and Wallace Hospital</b> 60 Mercy Court Irvine, KY 40336	<b>Mercy Health - St. Charles Hospital</b> 2600 Navarre Avenue Oregon, OH 43616 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - St. Anne Hospital</b> 3404 W. Sylvania Avenue Toledo, OH 43623 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - Defiance Hospital</b> 1404 E. Second Street Defiance, OH 43512 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - Tiffin Hospital</b> 45 St. Lawrence Drive Tiffin, OH 44883 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - Willard Hospital</b> 1100 Neal Zick Rd. Willard, OH 44890 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health – Perrysburg Hospital</b> 12623 Eckel Junction Rd. Perrysburg, OH 43551 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - St. Elizabeth Youngstown Hospital</b> 1044 Belmont Ave. Youngstown, OH 44501 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - St. Elizabeth Boardman Hospital</b> 8401 Market St. Boardman, OH 44512 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - St. Joseph Warren Hospital</b> 667 Eastland Avenue Warren, Ohio 44484 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health – Lorain Hospital</b> 3700 Kolbe Rd. Lorain, OH 44053 Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - Alien Hospital</b> 200 W. Lorain St.	

Non Politik la:	HFA	Dat Dènye Revizyon:	1/22/2024	Paj:	11
Vèsyon:	5.0	Dat Dènye Modifikasyon:	1/22/2024	Dat Orijinal:	12/12/2019

Depatman: Konsèy Finansye <b>Mercy Health - St. Vincent Medical Center</b> 2213 Cherry Street Toledo, OH 43608 Depatman: Konsèy Finansye	Oberlin, Ohio 44074 Depatman: Konsèy Finansye
--	--

**Enfòmasyon:**

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte BSMH nan fason konsa pou **Hôpital Bon Secours yo**:

Sitwèb	<a href="http://www.fa.bonsecours.com">www.fa.bonsecours.com</a>		
Telefòn	804-342-1500 (Lokal Richmond) (937) 342-5503		
Atravè Kourye	Ed Finansye Bon Secours Mercy Health P.O. Box 631360 Cincinnati, OH 45263-1360		
An Pèsòn	<b>Bon Secours St. Francis Medical Center</b> 13710 St. Francis Boulevard Midlothian, VA 23114 Depatman: Konsèy Finansye <b>Bon Secours – Richmond Community Hospital</b> 1500 N. 28th Street Richmond, VA 23223 Depatman: Konsèy Finansye <b>Bon Secours Memorial Regional Medical Center</b> 8260 Atlee Road Mechanicsville, VA 23116 Depatman: Konsèy Finansye <b>Bon Secours St. Mary's Hospital</b> 5801 Bremo Road Richmond, VA 23226 Depatman: Konsèy Finansye <b>Rappahannock General Hospital</b> 101 Harris Road Kilmarnock, VA 22482 Depatman: Konsèy Finansye	<b>Bon Secours Mary Immaculate Hospital</b> 2 Bernadine Dr Newport News, VA 23602 Depatman: Konsèy Finansye <b>Bon Secours Maryview Medical Center</b> 3636 High Street Portsmouth, VA 23707 Depatman: Konsèy Finansye <b>Bon Secours Health Center at Harbour View</b> 5818 Harbour View Boulevard Suffolk, VA 23435 Depatman: Konsèy Finansye <b>St. Francis Downtown</b> One St. Francis Drive Greenville, SC 29601 Depatman: Konsèy Finansye <b>St. Francis Eastside</b> 125 Commonwealth Drive Greenville, SC 29615 Depatman: Konsèy Finansye <b>St. Francis Millennium</b> 2 Innovation Drive Greenville, SC 29607 Depatman: Konsèy Finansye	13710 St. Francis Boulevard Midlothian, VA 23114 Depatman: Konsèy Finansye <b>Bon Secours – Richmond Community Hospital</b> 1500 N. 28th Street Richmond, VA 23223 Depatman: Konsèy Finansye <b>Bon Secours Memorial Regional Medical Center</b> 8260 Atlee Road Mechanicsville, VA 23116 Depatman: Konsèy Finansye <b>Bon Secours St. Mary's Hospital</b> 5801 Bremo Road Richmond, VA 23226 Depatman: Konsèy Finansye <b>Rappahannock General Hospital</b> 101 Harris Road Kilmarnock, VA 22482 Depatman: Konsèy Finansye

Non Politik la:

HFA

Dat Dènye

1/22/2024

Paj:

12

Vèsyon:

5.0

Revizyon:

1/22/2024

Dat Orijinal:

12/12/2019

Dat Dènye

Modifikasyon:

**Enfòmasyon:**

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte BSMH nan fason konsa pou **Hôpital Southern Virginia yo**:

<i>Sitwèb</i>	<a href="http://www.bsmhealth.org/financial-assistance">www.bsmhealth.org/financial-assistance</a> <a href="http://www.fa.bonsecours.com">www.fa.bonsecours.com</a>
<i>Telefòn</i>	804-342-1500 (Lokal Richmond) (937) 342-5503
<i>Atravè Kourye</i>	Ed Finansye Bon Secours Mercy Health P.O. Box 631360 Cincinnati, OH 45263-1360
<i>An Pèsòn</i>	<b>Bon Secours Mercy Health Petersburg LLC</b> <b>(Ki te rele anvan sa Southside Regional Medical Center)</b> 200 Medical Park Blvd Petersburg, VA 23805 <b>Bon Secours Mercy Health Emporia LLC</b> <b>(Ki te rele anvan sa Southern Virginia Regional Medical Center)</b> 727 N Main Street Emporia, VA 23847 <b>Bon Secours Mercy Health Franklin LLC</b> <b>(Ki te rele anvan sa Southampton Memorial Hospital)</b> 100 Fairview Drive Franklin, VA 23851

Non Politik la:

HFA

Dat Dènye

1/22/2024

Paj:

13

Vèsyon:

5.0

Revizyon:

1/22/2024

Dat Orijinal:

12/12/2019

Dat Dènye  
Modifikasyon:

## Attachman 2

Anvigè 1ye Mas 2023				
Lopital	0-200% FPG	201% - 300% FPG	301% - 400% FPG	Rabè pou Moun Ki pa asire/Ki peye limenm
Mercy Health - Lourdes Hospital	100%	79%	79%	40%
Mercy Health - Marcum and Wallace Hospital	100%	72%	72%	40%
Mercy Health - Anderson Hospital	100%	77%	77%	40%
Mercy Health - Clermont Hospital	100%	77%	77%	40%
Mercy Health - Fairfield Hospital	100%	77%	77%	40%
The Jewish Hospital	100%	76%	76%	40%
Mercy Health - West Hospital	100%	78%	78%	40%
Mercy Health – Kings Mills Hospital	100%	*Gade anba a	*Gade anba a	40%
Mercy Health - Springfield Regional Medical Center	100%	79%	79%	40%
Mercy Health - Urbana Hospital	100%	76%	76%	40%
Mercy Health - Defiance Hospital	100%	71%	71%	40%
Mercy Health - Tiffin Hospital	100%	66%	66%	40%
Mercy Health - Willard Hospital	100%	60%	60%	40%
Mercy Health - St. Vincent Medical Center (Gen ladann Mercy Health - St. Anne Hospital ak Mercy Health - St. Charles Hospital)	100%	84%	84%	40%
Mercy Health - Allen Hospital	100%	76%	76%	40%
Mercy Health - Lorain Hospital	100%	78%	78%	40%
Mercy Health - St. Rita's Medical Center	100%	79%	79%	40%
Mercy Health - St. Elizabeth Boardman Hospital	100%	78%	78%	40%
Mercy Health - St. Elizabeth Youngstown Hospital	100%	79%	79%	40%
Mercy Health - St. Joseph Warren Hospital	100%	80%	80%	40%
Bon Secours - Memorial Regional Medical Center	100%	78%	78%	40%
Bon Secours - Richmond Community Hospital	100%	78%	78%	40%
Bon Secours - St. Francis Medical Center	100%	75%	75%	40%
Bon Secours - St. Mary's Hospital	100%	75%	75%	40%
Bon Secours Mary Immaculate Hospital	100%	76%	76%	40%
Bon Secours Maryview Medical Center	100%	77%	77%	40%

Non Politik la:

HFA

Dat Dènye Revizyon:

1/22/2024

Paj:

14

Vèsyon:

5.0

Dat Dènye Modifikasyon:

1/22/2024

Dat Orijinal:

12/12/2019

Bon Secours Health Center at Harbour View	100%	77%	77%	40%
Rappahannock General Hospital	100%	57%	57%	40%
St. Francis Downtown	100%	81%	81%	40%
St. Francis Eastside	100%	81%	81%	40%
St. Francis Millennium	100%	81%	81%	40%
Bon Secours - Southern Virginia Medical Center (Emporia)	100%	89%	89%	70%
Bon Secours - Southampton Medical Center (Franklin)	100%	81%	81%	70%
Bon Secours - Southside Medical Center (Petersburg)	100%	90%	90%	70%

\*Mercy Health – Kings Mills Hospital pral swiv metòd Prospective Medicare pou kalkile AGB ak rabè pou pasyan ant 201% - 400% FPG pou premye ane operasyon li yo. yo pral detèmine sou yon baz ka pa ka.

***Ajisteman pou pasyan ki pa asire yo aplike pou frè brit, epi ajisteman pou pasyan ki asire yo aplike pou balans ki rete a.***